

Manhattan

Distri 1–10

Vòt alavans
28 Okt–5 Nov

Jou Eleksyon an
7 Novanm

Eleksyon Jeneral nyc 2023

gòd elektè

Vote vin fasil
nycvotes.org/ht

**NYC
VOTES**

Yon inisyativ Komisyon pou Finans
Kanpay Vil New York la

Gid Elektè 2023 NYC a!

W ap resevwa Gid Elektè sa a paske w se yon elektè ki anrejistre epi w te vote nan yon elekson ki fèk sot fèt. Pou w kapab wè lis kandida ki pi ajou a pou distri ou a, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.

Kilè pou m vote?

- Eleksyon jeneral la se madi **7 novanm**.
- Ou kapab vote alavans soti samdi **28 oktòb** rive dimanch **5 novanm**. Pa gen vòt lavans lendi **6 novanm**.

Pou kisa m ap vote?

Fonksyon yo

- Konsèy Minisipal
- Pwokirè Distri (Bronx, Queens, Staten Island)
- Tribinal Siprèm Eta a (Manhattan, Bronx, Queens, Brooklyn)
- Jij Tribunal Sivil yo
- Tribinal Siksesyon (Brooklyn)
- Pwopozisyon ki sou bilten vòt yo

Fonksyon ki sou bilten vòt ou a ka varye selon kote w ap viv la. Chèche jwenn bilten vòt ou a nan vote.nyc/page/find-your-poll-site.

Jwenn plis enfòmasyon sou [nycvotes.org/ht!](http://nycvotes.org/ht)

Tabdèmatyè

3	Kijan pou w vote	9	Konsènan Konsèy Minisipal la
4	A kisa ou ta dwe atann ou nan biwo vòt ou a	11	Kandida ki sou Bilten Vòt la
5	Ki dwa mwen genyen antanke elektè?	42	Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo
6	Aksesiblite	45	Konsènan NYC Votes
7	Echantyon Bilten Vòt	46	Kesyon yo Poze Souvan
8	Kisa fonksyonè ki eli yo fè?	48	Kontakte Konsèy Elektoral la

Dat elekson yo ak Dat Limit

23 okt	Dat limit demann Bilten Vòt Moun ki Absan yo (sou entènèt oswa pa lapòs) *Si se pa lapòs ou voye bilten vòt moun ki absan ou an, Konsèy Elektoral la dwe resevwa I nan dat sa a.
28 okt	Dat limit pou enskripsyon elektè yo Vòt alavans yo ap kòmanse
5 nov	Vòt alavans yo ap fini
6 nov	Dat limit demann pou bilten vòt moun ki absan yo (an pèsòn nan biwo Konsèy Elektoral la)
7 nov	Jou Eleksyon Jeneral la (6:00 a.m. – 9:00 p.m.) Dènye jou pou w poste bilten vòt moun ki absan ou an oswa depoze I nan yon biwo vòt



Kijan pou w vote

Biwo vòt ak Lè pou vote

Chèche biwo vòt ou a ak ki lè pou w vote:

- Vizite [nycvotes.org/ht](#).
- Rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan
866-VOTE-NYC (866-868-3692)
oswa **TTY 212-487- 5496**.



Jou Eleksyon an

Vòt yo ap ouvri nan Jou Eleksyon an, **7 novanm**, soti 6:00 a.m. pou 9:00 p.m. Ou dwe vote nan biwo vòt yo voye w la.

**Lokal biwo vòt yo konn chanje, kidonk pa blyie tcheke
adrès la anvan ou ale!**



Vòt alavans

Ou ka vote alavans an pèsòn avan
Jou Eleksyon an.

Sa pou ou konnen

- Gen yon biwo vòt alavans yo te voye w, ki petèt diferan de biwo vòt ou tonbe nan jou eleksyon an.
- Orè yo chanje chak jou, kidonk asire w ou verifye biwo vòt ou a epi konfime orè pa yo a avan w ale.

Dat vòt alavans yo

Samdi **28 oktòb** rive dimanch **5 novanm**.



Vòt pa Korespondans

Ou ka mande yon Bilten vòt moun ki absan si w gen yon rezon valab, tankou si w pa Nouyòk nan Jou Eleksyon an oswa si w gen yon maladi oswa yon andikap fizik.

23 oktòb se dat limit pou w mande bilten vòt ou an sou entènèt, oswa pou Konsèy Elektoral la resevwa demann ou an pa lapòs.

Mande yon bilten vòt moun ki absan sèlman si ou gen entansyon vote pa korespondans. Si ou chwazi vote an pèsòn apre ou fin mande yon bilten vòt moun ki absan, ou dwe vote ak yon bilten vòt sou sèman nan biwo vòt ou a.

Kijan pou w mande bilten vòt moun ki absan ou an:

- Vizite [nycabsentee.com](#).
- Rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan
866-VOTE-NYC (866-868-3692) oswa
TTY 212-487-5496 pou moun ki mal pou tande yo.
- Vizite biwo lokal Konsèy Elektoral Vil Nouyòk ou a. Dat limit la se **6 novanm** pou w soumèt demann ou an an pèsòn.

Si ou mal pou w wè oswa si ou gen yon andikap

Pou w jwenn yon lektè ekran li bilten vòt ou an, ou kapab mande yon bilten vòt moun ki absan ki aksesib nan [nycabsentee.com/accessibility](#) oswa rele nan nimewo ki make anlè a.

Swiv Bilten Vòt ou a

Ou ka suiv bilten vòt ou a an liy sou sit Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan [nycabsentee.com/tracking](#).

A kisa ou dwe atann ou nan biwo vòt ou a



Prezante w pou yo ka anrejistre w lè w rive

Lè ou antre, yon mandatè biwo vòt ap montre w ki kote pou ou anrejistre prezans ou. Li pral chèche nan lis elektè ki enskri yo epi l ap verifye siyati w anvan l ba ou yon bilten vòt.

Konsèy Pwofesyonèl: Si ou resevwa yon Fast Pass nan kourye lapòs Konsèy Elektoral la voye ba w la, mache avèk li pou w ka enskri pi vit!

*Ou pa bezwen bay yon pyès idantite pou w ka vote, eksepte si w se yon moun k ap vote pou premye fwa epi ou pa t bay nimewo DMV oswa nimewo sekirite sosyal lè w t ap enskri pou w vote a.



Ranpli Bilten Vòt ou a

Make Bilten Vòt ou a pandan w ap ranpli oval ki bò kote chwa w fè a nèt.

Si ou fè yon erè oswa si ou gen kesyon konsènan bilten vòt ou an, ou ka mande yon mandatè vin ede w.

*Sonje pou w tcheke toulede bò bilten vòt ou a pou w pa pèdi anyen.



Eskane Bilten Vòt ou a

Yon fwa ou fin ranpli bilten vòt ou an, yon mandatè ap ede w mete bilten vòt ou a nan eskanè a. Eskanè a ap fè w konnen lè vòt ou a fin arejistre.



Pran estikè ou a

Koleksyone estikè ou a! Kole l sou rad ou, fè chèlbè avè l epi asire w zanmi w ak fanmi w gen entasyon vote tou.

Ki dwa mwen genyen antanke elektè?

Ou gen dwa pou w vote nan eleksyon jeneral la si:

- Ou se yon elektè ki anrejistre.
- Ou nan liy nan biwo vòt ou an anvan lè pou li fèmen an rive.

Nan kèleswa eleksyon an, ou gen dwa pou w:

- Mande yon mandatè pou l'ede w, oswa mande yon entèprèt si ou bezwen èd nan lang.
Rele **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tandem yo si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan entèprèt yo.
- Mache ak yon moun pou ede w vote (sof anplwayè w oswa yon reprezantan sendikal).
- Mache ak dokiman w, tankou Gid Elektè sa a.
- Vote menmsi machin vòt la anpàn.
- Vote pa bilten vòt sou sèman si non w pa nan lis elektè ki nan biwo vòt ou a.
- Yon Biwo vòt ki aksesib ki pa gen okenn obstak fizik.
- Sèvi ak machin pou vote ki aksesib pou w depoze bilten vòt ou a.
- Vote kèleswa kapasite oswa andikap ou genyen an.

Dwa vòt pou moun ki gen yon kondanasyon penal oswa kriminèl:

- Kondanasyon pou enfraksyon ak vyolasyon pa anpeche w vote, menmsi w ap prije pèn nan prizon.
- Si w nan prizon pou yon krim, ou pa kalifye pou w vote. Men, si yo kondane w pou yon krim epi yo sispann santans ou an, ou kapab vote.
- Si yo te kondane w pou yon krim epi yo lage w, ou ka vote. Men, ou dwe enskri ankò pou w ka vote.
- Si pou kounye a ou nan pwobasyon oswa libète kondisyonèl, ou ka vote.
- Si pou kounye a ou nan prizon pou yon deli oswa si w ap tann jijman, ou ka vote.

Kimoun ou ta dwe kontakte si w bezwen sipò:

- Si gen yon pwoblèm ak biwo vòt ou an, di yon mandatè sa oswa rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496**.
- Si yo te vyole dwa w, rele nimewo gratis Pwoteksyon Eleksyon an pou w pale ak yon volontè Pwoteksyon Eleksyon ki resevwa fòmasyon pou sa epi jwenn sipò jiridik gratis nan **866-OUR-VOTE (866-687-8683)**.
- Pote plent bay Pwokirè Jeneral Nouyòk la nan **(866) 390-2992** oswa vizite ag.ny.gov/election-hotline.

Aksesiblite

Chak elektè nan Nouyòk gen dwa pou li depoze bilten vòt yo a yon fason ki prive ak endepandan. Si w bezwen èd pou w ranpli bilten vòt ou a akoz yon andikap oswa akoz ou pa metrize anglè, genyen asistans ki disponib.

Bilten Vòt Moun ki Absan ki aksesib

Si w gen pwoblèm vizyon oswa ou pa ka make yon bilten vòt an papye, ou ka toujou vote pa korespondans. Ou kapab mande yon bilten vòt moun ki absan yon lektè ekran kapab li epi tou ranpli l pa mwayen yon ödinatè. Pou mande yon bilten vòt moun ki absan ki aksesib, vizite: nycabsentee.com/accessibility oswa rele 866-VOTE-NYC (866-868-3692) oswa TTY 212-487-5496 pou moun ki mal pou tande yo.

Sèvis Lang ak Entèpretasyon

Gen entèprèt ki disponib nan plizyè biwo vòt nan vil la. Ou gendwa mande yon moun, yon fanmi w, yon zanmi oswa yon entèprèt, vini ede w konprann ak ranpli Bilten Vòt ou an.

Ou ka aprann ki biwo vòt ki pwopoze entèprèt sou vote.nyc. Ou kapab rele tou nan 866-VOTE-NYC (866-868-3692).

Aparèy pou make Bilten Vòt yo

Aparèy pou make Bilten Vòt yo (BMD) disponib nan tout biwo vòt yo pou bay elektè yo, tankou sa yo ki avèg, ki gen pwoblèm vizyon, oswa ki gen yon andikap oubyen yon kondisyon ki ka rann li difisil oswa enposib pou yo make yon bilten vòt ak yon plim, plis aksesiblite.

Si w ta renmen itilize yon BMD, jis mande yon mandatè li! Ou ka itilize l pou w ka wè bilten vòt ou a sou yon ekran afichaj, pou w tradui l nan lòt lang, oswa pou w koute chwa w yo nan kas.

Aparèy la bay kat fason pou w make Bilten Vòt ou a:



Ekran tòtch



Klavye (Bray)



Aparèy pou rale ak soufle nan bouch



Manèt a baskil

- Ou gendwa “ZOOM IN” (AGRANDI) pou fè tèks la vin pi gwo, “ZOOM OUT” (DIMINYE) pou tèks la tounen nan dimansyon nòmal li oswa chwazi “HIGH CONTRAST” (GRAN KONTRAS) pou afiche tèks Bilten Vòt la an blan sou yon fon nwa.
- Epitou ou gendwa repete epi ajiste vitès ak volim son an nan kas la.
- Sonje! Chwa w yo pa definitif toutotan ou pa antre bilten vòt ou an nan eskanè a epi depoze vòt ou an.
- Si ou ta renmen yon moun ede w antre bilten vòt ou an nan eskanè a, yon mandatè ap ede w.

Echantiyon Bilten Vòt

Echantiyon Bilten Vòt ki anba a la pou demonstrasyon sèlman. Li pa Bilten Vòt reyèl ou a epi si w ranpli l, sa p ap konte kòm vòt ou.

Office	Candidate A Party 1	Candidate B Party 2
City Council	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
District Attorney Bronx, Queens, Staten Island	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
State Supreme Court Manhattan, Bronx, Queens, Brooklyn	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Civil Court Judges	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Surrogate's Court Brooklyn	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>

Tòp chwa mwen yo

Itilize paj sa a pou w ranje chwa kandida ou yo pou Konsèy Minisipal la ak pwopozisyon vòt yo. Ou kapab mache ak sa a ansanm avèk ou nan biwo vòt ou a pou w gade pandan w ap ranpli bilten vòt ou an.

Konsèy Minisipal

Pwopozisyon ki sou bilten vòt yo

Pwopozisyon 1

Pwopozisyon 2

Rapèl! Gendwa gen fonksyon anplis sou bilten vòt ou an selon pati politik ou ak kote ou abite a.

Ou kapab wè yon echantyon bilten vòt ou a nan biwo Konsèy Elektoral la nan findmypollsite.vote.nyc.

Kisa fonksyonè ki eli yo fè?

Fonksyonè ki eli nou yo gen pou yo pran desizyon ki gen enpak sou travay, lojman, edikasyon, swen sante ak lòt ankò, chak jou. Aprann plis sou fonksyon ki sou bilten vòt ou a.

Pou w kapab wè lis kandida ki pi ajou a nan distri ou a, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.

Fonksyon minisipal yo

Konsèy Minisipal

Konsèy Minisipal la se branch lejislatif, oswa ki fè lalwa, nan gouvènman Vil Nouyòk la. Gen 51 manm. Manm konsèy yo jeneralman mandate pou 4 lane (2 manda youn dèyè lòt maksimòm).

Apre resansman 2020 an, yo te reyaranje distri Konsèy Minisipal yo pou yo te ka ajiste a chanjman ki genyen nan popilasyon an. Poutèt pwoesisis sa a, Manm konsèy ki eli an 2021 ak 2023 pral gen yon manda 2 lane nan distri yo fenk delimite yo. An 2025, yo ap rekòmanse ak manda 4 lane yo.

- Prezante ak vote pwojè lwa yo.
- Negosye ak apwouve bidjè vil la.
- Siveye ajans minisipal yo.
- Pran desizyon sou kwasans ak devlopman vil nou an.
- Founi sipò pou Konstitiyan yo.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Fonksyon konte yo

Pwokirè Distri

Pwokirè distri a se pwokirè prensipal nan konte I la. Yo eli yo pou 4 lane. Pa gen limit nan manda.

- Deside ki dosye pou yo pouswit (ak ki dosye pou yo pa pouswit).
- Sipèvize tout pouswit penal yo.
- Ankete ak pouswit konpòtman kriminèl.

Jij yo

Tribinal Siprèm Eta a

Jij Kou Siprèm Eta a sipèvize gwo zak kriminèl ak pwochè sivil nan konte yo. Tribunal Siprèm lan se tribunal jijman nan Eta New York; Tribunal Apèl la se tribunal ki pi wo a. Yo eli pou 14 lane.

- Li bay jijman sou divòs, separasyon ak pwoesi anilasyon.
- Li jere pouswit penal pou deli yo (kote ka gen yon kondanasyon pou plis pase yon lane).
- Li deside sou ka sivil yo tankou reklamasyon kontraktyèl ak pou deli.

Tribinal Sivil – Konte ak Distri

Jij Tribunal Sivil yo ka dirije Konte oswa Distri, kidonk ou ka wè plis pase yon jij tribunal sivil sou bilten vòt ou a. Jij yo eli pou 10 lane epi yo tandé afè tankou:

- Afè sivil ki plis pase \$50,000.
- Afè ant pwopriyetè ak lokatè epi pwochè ki konsène kenbe estanda lojman yo.
- Pouswit penal enfraçsyon yo.

Tribinal sibstitityon

Jij Tribunal Siksesyon yo tranche zafè ki konsène patrimwann moun ki te rezide nan Konte a apre lanmò yo. Yo eli pou 14 lane epi yo jije zafè tankou:

- Afè yon moun ki mouri tankou testaman ak administrasyon patrimwann.
- Adopsyon.
- Gadyen/Titèl.

Yon Jounen nan Lavi yon Manm Konsèy Minisipal la

Kisa manm Konsèy Minisipal la fè pou ou?


- Elabore epi vote pwojè lwa yo ki konsène kesyon tankou lojman, swen sante, edikasyon, sekirite piblik ak lòt ankò. Manm konsèy la kapab patisipe nan komite tou pou travay sou kesyon konsènan vyeyisman rive nan sèvis pou jèn yo.
- Travay ak Majistra vil la pou kreye epi apwouve bidjè ~\$107 milya dola vil la. Chak manm konsèy la ap jere yon bidjè ~\$5 milyon dola tou pou konstwi lekòl epi pou fè amelyorasyon nan distri yo, ansanm ak yon bidjè adisyonèl ~\$500,000 pou sipòte òganizasyon ki pa la pou fè pwofit yo.

- Siveye ajans minisipal ki ap bay Nouyòkè yo sèvis yo, tankou Depatman Polis Vil Nouyòk la ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la.
- Detèmine jan pou yo itilize batiman ak teren yo toupatou nan vil la, epi siveye zonaj pou pwopriyetè yo pandan I ap prezèv repè yo epi jere tè ak enstalasyon piblik yo.
- Ede Konstitiyan tankou w. Manm konsèy la ak fonksyon yo genyen yo kapab ede w ak kesyon tankou preparasyon taks, lojman abòdab, plante pyebwa, twotwa ki sal, twou nan lari, sekirite pyeton ak lòt ankò. Kontakte manm konsèy ou a si ou bezwen èd!

Kat Konsèy Minisipal Nouyòk la


- NYC gen 51 distri Konsèy Minisipal
- ~172,000 elektè abite nan chak distri
- Konsèy Minisipal la apwouve bidjè ~\$107 milya NYC a

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.



prepare biltén vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo?
Make chwa w yo epi ale ak
yo nan biwo vòt ou a!



Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/
plan-your-ballot](https://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)

Konsèy Minisipal Distri 1

Demokrat

- Christopher Marte 

Republikan, Konsèvatè, Atizay ak Kilti, Bon sans

- Helen J Qiu 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 45](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Christopher Marte

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Sispan ak deplasman yo.
2. Fini vòl salè yo.
3. Pwoteje arebò lanmè.

“Mwen fyè paske m te ini Lower Manhattan avèk gran viktwa m lan nan Primè Demokratik lan. Depi lè nou antre an fonksyon an nou pat sispan travay di pou sèvi chak sikonskripsyon nan Distri sa, e sa pote rezulta. Nou plante yon pakèt pye bwa nan lari yo, nou enplante nouvo teknoloji nan lekòl yo epi nou ede plizyè milye moun ak ti antrepriz rete nan kominate yo.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy Minisipal

Pwofesyon anvan yo: Direktè Nouyòk; Arena. Jesyonè Fon Pansyon; IBM

Edikasyon: Global College, LIU Brooklyn

Afilyasyon Òganizasyonèl: Demokrat Endependan Moun lavil

Eksperyans publik pase: Manm Komite Eta Demokratik (2018-22)

Enskri nan Pati: Demokrat



Helen J Qiu ✅

Republiken, Konsèvatè, Atizay ak
Kilti, Bon sans

3 pi gwo pwoblèm:

1. Finansman NYPD/Sipèvizon Pwokirè a
2. Solisyon pou Sanzabri ak Sante Mantal
3. Ogmante Estòk Lojman Elimine Amann

"Mwen renmen distri m nan ak Nouyòk. Distri m nan se kote Nouyòk pran nesans. Mwen konsidere sa se misyon m pou m pwoteje sekirite ak opòtinite nan Lower Manhattan ak nan tout Vil Nouyòk la. Siksè m fè antanke defansè lekòl publik pou ptit gason m lan ak pou tout fanmi te pèmèt mwen genyen eleksyon CEC 2021 an. Pakou inik mwen, se imigran chinwa, k ap travay pou I jwenn yon Doktora Columbia, yon pòs semi-direktè nan yon antrepriz semi-kondiktè ki klase selon fòtin, epi mwen te òdone pastè ki pèmèt mwen benefisyek eksperyans diferan m ap mete kòm avantaj pou m pote chanjman reyèl nan Konsèy Minisipal vil Nouyòk la."

Pwofesyon pou kounye a: Pwofesè adjwen

Pwofesyon anvan yo: Chèf pwojè enjenyeri, Pastè

Edikasyon: Inivèsite Zhongshan , Harvard & Columbia

Afilyasyon Òganizasyonèl: Koalisyon juif chinwaz, Commonsense NY, Better NYCHA

Eksperyans publik pase: Konsèy Edikasyon kominotè a

Enskri nan Pati: Repibliken

konpare kandida yo



Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka wè pozisyon kandida yo konsènan pwoblèm ki pi enpòtan pou ou yo, epi konpare opinyon yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Christopher Marte ✅

Demokrat

Helen J Qiu ✅

Republikan, Konsèvatè,
Atizay ak Kilti, Bon sans

Kriminalite

Redwi kriminalite vle di sispann li anvan li rive, pa jis reyaji apre. Nou asosye nou ak DA Manathan lan pou n konbat pwoblèm tankou kote moun ap fimen ilegal, epi nou finanse kèk rezo sèvis sosyal ki solid, yon fason pou evite moun fè chwa ki ka lakoz yo detwi vi yo.

Objektif mwen se fè presyon sou pwokirè Bragg pou l aplike lwa sou krim k ap nui sekirite moun nan lari ak nan tren yo. An menm tan, m ap degaje m pou m anile refòm liberasyon sou kosyon an ak lòt mezi jidisyè ki ranfòse pouvwa kriminèl yo, yon fason pou m restore ekilib.

Enflasyon

Ogmantasyon pri lavi a lakòz deplasman. Nou fyè paske nou te facilite yon nouvo sant komèsyal ouvri nan katye chinwa ki gen ladan l yon gran sal dim sum avèk travay sendika. Fòm mwayen pou bay vi ak ekonomi sa yo nesesè nan Lower Manhattan.

M ap atake avantou enpak enflasyon an genyen sou kominote vilnerab nou an. M ap elajи avantaj pou pansyonè, veteran, ak fanmi ki nan bezwen yo. M ap pase nan krib eksè nan enpo k ap peze sou Nouyòkè ak ti antrepriz yo, asire yon lavi konfòtab pou tout moun nan vil la.

Pwoteksyon Demokrasi

Malerezman Distri nou an pa pwoteje kon fwod ak eliminasyon elektè yo. Nou te premye te mwen nan jou elekson primè a. Nou te deplwaye yon efò agresif pou nou eli plis politisyen loka responsab pou stope koripsyon sou sit vòt yo.

Mwen pwopoze yon edikasyon sivik ki solid k ap mete aksan sou jèn, k ap bay prensip demokratik epi ki ap favorize fòmasyon sitwayen ki enfòme ak reflechi. Mwen vle ankouraje panse kritik, relanse deba yo, ouvri ak diferans opinyon yo, favorize responsabilite pèsonèl epi garanti demokrasi pou demen.

Konsèy Minisipal Distri 2

Demokrat, Working Families

- Carlina Rivera 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 45](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Carlina Rivera

Demokrat, Working Families

3 pi gwo pwoblèm:

1. Elaji Aksè Finansye pou Bezwen debaz yo
2. Envesti nan Kwasans ekonomik enklizif
3. Yon Vil ki pi pwòp epi pi vèt

“Antanke yon Nouyòkè pandan tout lavi mwen ki te grandi nan lojman Seksyon 8, mwen konnen lit vwazen mwen yo. Soti nan lojman abòdab rive nan dwa repwodiksyon ak kriz klimatik la, mwen gen rezulta deja. Mwen kandida pou re-éléksyon m pou m ka kontinye defann swen sante, sekirite piblik, ak kwasans ekonomik ekitab. Mwen pral kontinye elaji sèvis w ap atann nan vil la, tankou lari ki gen sekirite, pwòp, pak aksesib, ak lojman an diyite.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy la

Pwofesyon anvan yo: Direktris lejislatif, konseye Rosie Mendez; Direktris Pwogram ak Sèvis, Good Old Lower East Side yo; Asistan Pwogram, Lawyers Alliance for New York

Edikasyon: BA (Lisans Inivèsité) nan Jounalis, Marist College

Afilyasyon Òganizasyonèl: Komisyón sou Ekite ant Jan yo; klèb Demokratik lokal yo

Eksperyans piblik pase: Lidè Distri Demokratik, 74zyèm Distri Asanble a; Komisyón Kominotè Manhattan 3

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Carlina Rivera ✅

Demokrat, Working Families

Kriminalite

Chak grenn Nouyòkè gen dwa pou li santi li an sekirite nan kominate li ak lakay li. Antanke Prezidan Komite Konsèy la sou Jistis Penal, mwen pran angajman pou m pran yon apwòch ki gen sans komen ki gen ladan I pwogram nan nivo kominate a ak mezi pou kanpe vyolans ki chita sou sekirite alontèm.

Enflasyon

Nouyòk pa abòdab depi plizyè lane, men dènye enflasyon an vin agrave pwoblèm lan. Mwen fyè paske m kanpe devan gwo antrepriz yo ak gwo enterè patikilye pou sispann ogmante pri, mete plis lajan nan men fanmi k ap travay yo, epi konstui yon vil ki pi abòdab, jis pou tout moun.

Pwoteksyon Demokrasi

Toupatou Ozetazini, estremis yo ap febli demokrasi nou an. Nouyòkè yo p ap kite yon ti minorite ki mechan domine majorite a. Mwen angaje m pou m itilize tout zouti nan sistèm nou an pou konbat dezenfòmasyon, defann dwa pou vote epi denonse tout moun k ap chèche detwi valè nou yo.

gade videyo kandida yo

Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo ki sou Bilten Vòt ou a, epi apresa gade pwofil yo pou w ka wè videyo kandida yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates



suiv NYC Votes

Ou kapab suiv NYC Votes pou
w jwenn tout dènye mizajou sou
eleksyon yo!

@nycvotes



Konsèy Minisipal Distri 3

Demokrat

- Erik Bottcher 

Pati Repibliken, Libète Medikal

- Robert Bobrick 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 45](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman publikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn video kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



“non aplikab”

Erik Bottcher

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Kalite lavi ak sekirite publik
2. Kriz lojman abòdab la
3. Kriz sante mantal la

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy Minisipal

Pwofesyon anvan yo: Chèf pèsònèl prezidan konsèy minisipal Nouyòk la, Rapò ak kominate LGBTQ+ pou gouvènè Eta Nouyòk, Rapò ak kominate LGBTQ ak VIH/SIDA pou konsèy Minisipal Nouyòk la

Edikasyon: George Washington University, Pwogram Harvard Kennedy School pou Kad Siperyè nan Administrasyon Eta yo ak administrasyon lokal yo

Afilyasyon Òganizasyonèl: Vilaj Demokrat Endepandan, Klèb demokratik Stonewall nan vil Nouyòk, Ofisyèl Demokratik Minisipal yo.

Eksperryans publik pase: Komite Demokratik Konte a, lyezon kominate LGBTQ+ AK VIH/SIDA pou konsèy minisipal Nouyòk la lyezon ak kominate LGBTQ+ pou gouvènè Eta Nouyòk, Komisyon Kominotè 3 (manm publik) komite konsilitatif LGBTQ+ nan NYPD

Enskri nan Pati: Demokrat



Robert P Bobrick

Republiken, Konsèvatè,
Libète medikal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Otonomi kòporel ak Libète Medikal
2. Dwa paran pou chwazi
3. Enfrastrikti ak ti antrepriz.

"M ap mennen yon kanpay ki vize pèp la pou m fè mesaj mwen pase ak elektè mwayen an epi ba li yon vwa. Mwen fè yon kanpay piblik epi de pòt an pòt plis pase mwen fè l sou medya sosyal. Slogan kanpay mwen an se" ann fè elekson ann pa fè seleksyon". M ap defann dwa medikal ak lòt dwa BonDye ba nou manda ajanda enpoze nou an menase."

Pwofesyon pou kounye a: Retrete

Pwofesyon anvan yo: Pwofesè istwa, pwofesè ESL

Edikasyon: Metriz nan Etid Istorik, Inivèsite New School; Metriz nan Etid Azyatik, Inivèsite Seton Hall; Lisans nan Columbia College

Afilyasyon Òganizasyonèl: Alyans pou Libète medikal, Jaden Entè-jenerasyonèl Jeff Dullea

Eksperyans piblik pase: Kandida, Senatè Eta Nouyòk, Distri 47, 2022

Enskri nan Pati: Republiken

resevwa alèt sou elekson yo



Enskri pou w resevwa alèt pou elekson yo pa mesaj tèks oswa pa imèl! Rete enfòme konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.

Eskane la oswa vizite
nycvotes.org/stay-informed

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Erik Bottcher ✅

Demokrat

Robert P Bobrick ✅

Republikan, Konsèvatè,
Libète medikal

Kriminalite

Garanti sekirite publik se responsabilite fondamantal gouvènman. Yo dwe pran mezi radikal pou goumen ak tout faktè ki kontribiye nan kriminalite a ak tout faktè ki anpeche lavi miyò tankou kriz maladi sante mantal, epidemi opyoyid la ak, move fonksyonman sistèm jidisyè a.

Lapolis pa dwe kraze. Ranfòse ak soutni fanmi yo, kominate yo, ak katye yo se pi bon mwayen pou diminye kriminalite. Sekirite nan lari ak nan transpò publik nou yo esansyèl pou vil nou an.

Enflasyon

Enflasyon an se pwoblèm serye ki atake tout Nouyòkè yo, ki afekte mwayen pou yo jwenn manje chak jou. Se sa k fè mwen ankouraje efò prezidan Biden ap fè pou l konbat enflasyon an, epi ankouraje yon pi bon salè pou travayè yo, yon fason pou asire chak sitwayen kapab viv ak diyite.

Sa se yon kesyon makwo-ekonomik ki plis pètinan pou politik nasyonal ak Eta yo. NYC dwe bay kontribisyon pa l nan pwomouvwa ekonomi lokal la olye l toujou ap tann pou gouvènman federal la enprime plis dola.

Pwoteksyon Demokrasi

Ekstremis de dwat yo atake demokrasi ak dwa elektè yo nan eta Nouyòk la ak nan tout amerik la. Lwa sou pwoteksyon John Lewis la se pi bon chans pou n kenbe dwa vòt nou epi nou dwe kontinye goumen pou yo adopte li.

Konsidere m tankou yon kandida endependan. Lè nou gen plis reprezantan ki fè pwa nan gouvènman an, tankou kandida endependan yo, priyore pèp la ap gen plis ekout nan konsèy la.

prepare biltén vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo?
Make chwa w yo epi ale ak
yo nan biwo vòt ou a!



Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/
plan-your-ballot](https://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)

Konsèy Minisipal Distri 4

Demokrat

- Keith Powers 

Republikan, Pati Parantal

- Brian Robinson 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 45](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Keith Powers

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Lojman ak Sanzabri
2. Sekirite biblik & Sante mantal
3. Ti antrepriz & Developman Ekonomik

“Nan dènye sis lane yo, se te yon onè pou m reprezante East Side Manhattan -- tdistri mwen te fèt epi grandi ladan I. Soti nan vil Stuyvesant rive nan Carnegie Hill, mwen fyè de travay nou te fè pou prezève plizyè milye inite lojman abòdab, envesti anpil milyon dola nan lekòl biblik lokal nou yo, plede pou genyen nouvo espas ouvè ak transpò biblik, epi atake bezwen elektè nou yo genyen chak jou yo.

Fwa sa, mwen fyè pou m sèvi antanke lidè majorite a nan Konsèy Minisipal la epi sèvi kòm mwayen pou fè vwa distri nou an rive nan zòrèy dirijan vil la.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy Minisipal

Pwofesyon anvan: Chèf Estaf

Edikasyon: CUNY Graduate Center, University of Dayton

Afilyasyon Òganizasyonèl: Asosiyasyon Lokatè Stuyvesant Town & Peter Cooper Village, Komisyón Kominotè 6

Eksperyans biblik pase: Chèf Pèsonèl, Manm Komisyón kominotè

Enskri nan Pati: Demokrat



Brian Robinson

Republiken, Pati Parantal

"IMwen fyè dèské m se yon Nouyòkè depi byen lontan, tankou anpil moun k ap leve yon fanmi. Mwen te wè jan bagay yo t ap mal pase nan vil sa a e mwen te deside kanpe pou m fè yon diferans. Okenn moun pa blyie dega politisyen yo te fè nan vil sa a pandan dènye ane ki sot pase yo. Li lè li tan pou nou regade an pwofondè sa ki pi enpòtan pou nou. Pou mwen, se sekirite ak byennèt pèp la. Se kalite vi pou fanmi yo epi asire lajan taks nou yo depanse nan sèvis pwòp enterè nou. Se pa zafè pati politik k ap pale. Se pou avni vil sa ki te yon gwo vil."

3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite publik
2. Fenomèn Sanzabri
3. Meritokrasi Edikatif

Pwofesyon pou kounye a: Sèvis Finansye

Pwofesyon anvan: Pwopriyetè Ti Antrepriz

Edikasyon: Filozofi

Afilyasyon Òganizasyonèl: AdL

Eksperyans publik pase: Okenn

Enskri nan Pati: Republiken

konpare kandida yo



Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka wè pozisyon kandida yo konsènan pwoblèm ki pi enpòtan pou ou yo, epi konpare opinyon yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Keith Powers

Demokrat

Brian Robinson

Republikan, Pati Parantal

Kriminalite

Li enpòtan pou nou ranfòse sekirite publik, abòde pwoblèm sante mantal, epi envesti nan politik re-integrasyon efikas. Mwen pral kontinye apiye sou patenarya nou an ak biwo vòt lokal yo pou abòde sekirite publik ak abòde pwoblèm katye yo.

Mwen vle asire m ke dwa viktim ki sibi krim yo priyorité, men se pa dwa kriminèl yo. Mwen pral sipòte NYPD, epi kanpe kont Avoka distri nou yo ki pèmèt kriminèl yo mache nan lari pandan sitwayen onèt yo pè pou sekirite yo.

Enflasyon

Nou bezwen diminye enpak enflasyon an sou Nouyòkè yo ak ti antrepriz yo nan sa ki konsène depans ki vin wo ak enpak sou aksè finansye.

Mwen kwè enflasyon se yon pwoblèm grav n ap fè fas, se pa sèlman moun ki gen mwens privilèj nan soyete a jodi a, men nou tout, epi nou dwe kanpe pou tout moun gen byen ak sèvis enpòtan yo bezwen yo nan yon pri yo kapab peye. Se yon taks kache ke nou dwe goumen kont li.

Pwoteksyon Demokrasi

Nan yon moman kote y ap atake enstitisyon demokratik nou yo nan tout peyi a, nou dwe asire defans ak pwoteksyon dwa nou pou eleksyon lib epi an sekirite, sipòte finansman kanpay yo, epi lite kont diskou otoritè yo.

Avòtman ta dwe san danje, legal epi ki fèt raman. Se te politik demokrat modere a lontan, e avèk mwen nan gouvènman an nou pral retounen nan bon sans, epi pwoteje dwa pou chwazi kont moun ki radikal yo ki vle politicize l. Nou bezwen limit tèm rasyonèl chak sitwayen sipòte.

Konsèy Minisipal Distri 5

Demokrat

- Julie Menin 

Republikan

- Elizabeth A Golluscio 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 45](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn video kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Julie Menin

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Aksesiblité ak Kalite Lavi
2. Sekirite Piblik ak Asenisman
3. Amelyore Lekòl piblik ak Edikasyon

“Mwen te travay di pou m jwenn rezulta pou kominote nou an. Nèf nan pwojè Iwa mwen yo gentan adopte, yo konsène obligasyon lopital yo genyen pou yo pataje pri yo, pwomosyon akèy inivèsèl timoun yo ak kodifikasyon dwa sou sa ki konsène repwodiksyon. Mwen pral sèvi ak eksperyans mwen pou m goumen pou tout abitan Nouyòk yo genyen yon Vil ki pi solid, ki pi an sekirite epi ki pi ekitab.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy Minisipal la

Pwofesyon anvan yo: Komisyonè Depatman Afè Konsomatè Vil Nouyòk, Komisyonè Medya ak Divètisman Vil Nouyòk, Avoka, Pwopriyetè Ti Antrepriz, Fondatè Òganizasyon ki Pa la Pou Fè Pwofi epi Pwofesè adjwen nan Columbia University

Edikasyon: Lisans, mansyon trè byen, Columbia University; Northwestern University School of Law, Doktora nan Dwa.

Afilyasyon Òganizasyonèl: Konsèy Administrasyon Columbia University, Fondatè NYC Kids Rise, Manm Konsèy 9/11 Memorial

Eksperyans piblik pase: Direktè Resansman Vil Nouyòk

Enskri nan Pati: Demokrat



*"Mwen*toujou* renmen NY! Sityasyon yo ap dejenerè nan dènye ane sa yo... epi m ap mete teknoloji m, espri antreprenè m genyen an ak kapasite m yo pou m garanti sekirite ak pwòpte lari nou yo, soutni ekonomi lokal nou an, amelyore efikasite ajans vil Nouyòk yo epi pwoteje libète endividiyèl yo kont eksè nan pouvwa egzekitif la."*

Elizabeth A Golluscio

Republiken

3 pi gwo pwoblèm:

1. Diminye kriminalite ak dezòd bekann elektrik yo
2. Pwoteje ak sipòte ti antrepriz yo
3. Garanti respè libète medikal

Pwofesyon pou kounye a: Chomè

Pwofesyon anvan: Vis Prezidan Direktè Gartner, Inc.

Edikasyon: Cornell (B.S., Enjeniri) ak MIT (MBA)

Afilyasyon Òganizasyonèl: Medical Freedom Alliance

Eksperyans publik pase: NON APLIKAB

Enskri nan Pati: Republiken

gade vidéyo kandida yo



Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo ki sou Bilten Vôt ou a, epi apresa gade pwofil yo pou w ka wè vidéyo kandida yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi empòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Julie Menin ✓

Demokrat

Elizabeth A Golluscio ✓

Republikan

Kriminalite

Nou dwe retabli reyalite ak pèsepsyon sekirite publik la. Kriminalite nan distri nou an diminye de 20% pandan ane sa a epi mwen rive fasilite ogmantasyon patwouy a pye pou lapolis la nan Nouyòk. M ap kontinye goumen pou nou jwenn resous solid pou nou asire sekirite vil nou an.

Kriminalite a ogmante pandan dènye ane sa yo akoz chomaj, dezespwa ak adiksyon. Patisipe ak mwen nan reyinyon Sikonskripsyon Elektoral la ki fèt chak mwa pou nou konnen kijan nou kapab ede Lapolis Nouyòk la asire sekirite katye ak metwo nou yo!

Enflasyon

Lè depans yo ogmante, sa kontribiye pou kreye yon kriz aksesibilite nan vil nou an. Youn nan pi gwo priyorite m yo se te fè yo adopte pwojè-lwa mwen an ki la pou diminye depans swen sante pou Nouyòkè yo lè yo mande lopital yo devwale pri yo. Sa a pral ede konpanse fado dosye enflasyon an.

Depi kòmansman ane 2020 an, Fed enprime plizyè milya dola kote anpil nan kòb sa al jwenn plizyè antrepriz rich ki pa t vewouye. Vil Nouyòk depanse plizyè milya dola, poutan lekòl nou yo ak sèvis ki pi empòtan yo fèmen, nou bezwen yon konsèy Minisipal ki pwopoze yon pi bon bidjè.

Pwoteksyon Demokrasi

Antanke Direktè resansman 2020 nan Vil Nouyòk la, mwen fyè paske nou genyen pwochè nou an devan kou suprèm nan kont administrasyon Trump lan konsènan sitwayènte nan resansman epi paske nou te reyisi rive nimewo 1 pami tout lòt gwo vil yo nan nivo patisipasyon, sa ki tou vle di Vil Nouyòk la te rantre plizyè milya dola.

Kòlè ak apati se yon bon kombinezon ki pwisan epi ki kapab detui tou, men mwen diskite ak plizyè moun ki pa vle ni vote ni soutni okenn politisyen. Mwen ap fè tout sa m kapab pou abitan Nouyòk yo kapab vote, pou yo fè sa fasilman epi pou yon konte vòt yo a nan yon fason ki ekitab.

suiv NYC Votes

Ou kapab suiv NYC Votes pou
w jwenn tout dènye mizajou sou
eleksyon yo!

@nycvotes



Konsèy Minisipal Distri 6

Demokrat

- Gale Brewer ✓

Pati Repibliken, atizay ak kilti, netwaye Nouyòk

- Diane di Stasio ✓

Libète medikal

- Barbara Simpson*

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepatti vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 45](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.

* Kandida a pa t soumèt yon pwofil konplè pou yo te ka mete l nan Gid Elektè sa a.



Gale Brewer ✓

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Ekite sekirite publik pou tout moun
2. Prezève epi bati lojman ki abòdab
3. Ekselans nan lekòl; travay ki gen pou vini

“Konesans: bidjè, amenajman teritwa, lekòl, polis, sekirite pyeton yo, lojman sosyal, prezèvason istorik, jistik anviwonmantal, plas, respè laj, atizay, done sivik, staj, dwa LGBTQ, sendika, sekirize konstriksyon, espas ki rezèv pou bisiklèt/bis. Opoze ak zak rayisman/prejije yo”

Pwofesyon pou kounye a: Prezidan Manm Konsèy Sipèvizon ak Envestigasyon an

Pwofesyon anvan: Prezidan Awondisman Manhattan (MBP) 2014-2021; Manm Konsèy 2002-2013 (Prezidan Komisyon Teknik lan, Byennèt Jeneral, Operasyon Gouvènmantal); Pwojè San Bi Likratif/CUNY; Sosyete Telesis; Depatman Pledwaye Publik; Biwo Federal Majistra; Komisyon Kondisyon Feminin Vil Nouyòk; Biwo Manm Konsèy Messinger a; Biwo Lyetnan Gouvènè a; Pwofesè Adjwen nan Hunter; Enstiti Baruch, Murphy, Barnard

Edikasyon: Metriz an Administrasyon publik, Kennedy Sch, Harvard; Lisans Inivèsité (BA), Columbia; Bennington

Afilyasyon Òganizasyonèl: Natl League of Cities; BIDs; Eleanor's Legacyl

Eksperyans publik pase: Comm Bd 7; Manm BD/òganizasyon san bi likratif; NYSNWP; Konsèy; MBP

Enskri nan Pati: Demokrat



Diane di Stasio ✅

Pati Repibliken, atizay ak kilti,
netwaye Nouyòk

3 pi gwo pwoblèm:

1. Retabli sekirite publik la primòdial.
2. Fè Nouyòk vin pi abòdab.
3. Asire nou elèv yo toujou vini an premye.

“Mwen diplome nan NEC of Music, epi mwen se ptit fi premye jenerasyon Imigran italyen yo. Mwen te jwe nan Carnegie Hall, mwen te genyen yon Emmy, mwen te kolabore ak lejann Ray Charles, epi mwen te pase 10 dènye lane sa yo kòm direktris jeneral pou Ellison Ballet Fdn. Men pi gran reyisit mwen jiska preznan se lè m te rive manman. Kòm yon paran selibatè, mwen wè kriminalite, salte ak ogmantasyon pri pwodui yo ki toujou la nan kotidyen nou. Se pa vil Nouyòk sa m te konnen an, epi se pa nan vil Nouyòk sa a m ta renmen pou ptit fi mwen an oswa ptit ptit fi mwen yo grandi. Nou bezwen nouvo dirijan ki kapab retabli sekirite publik la, amelyore edikasyon publik la epi rann lavi a pi abòdab pou tout travayè nan Nouyòk yo.”

Pwofesyon pou kounye a: Direktè jeneral EBF

Pwofesyon anvan: Atis

Edikasyon: NEC; Penn State

Afilyasyon Òganizasyonèl: AGMA; AEA; Westside Community Org.

Eksperyans publik pase: NON APLIKAB

Enskri nan Pati: Repibliken

resevwa alèt sou eleksyon yo



Enskri pou w resevwa alèt pou elekson yo pa mesaj tèks oswa pa imèl! Rete enfòme konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.

Eskane la oswa vizite
nycvotes.org/stay-informed

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Gale Brewer ✓

Demokrat

Diane di Stasio ✓

Pati Republiken, atizay ak kilti, netwaye Nouyòk

Kriminalite

Pou redui kriminalite, NYPD bezwen devlope yon estrateji ki pi solid epi ki pwoaktif pou travay ak kominate yo. Anplis desa, moun yo dwe responsab pou pwòp aksyon yo.

Lari nou yo, lekòl nou yo, pak nou yo, kominate nou yo dwe plis pwoteje, pi pwòp epi pi aksesib. Depi lè pandemi a kòmanse, nou konstate nivo krim vyolan yo monte nan 15% nan tout vil la. Li lè pou nou bay lapolis zouti ak fòmasyon yo bezwen pou fè travay yo.

Enflasyon

NYC dwe abòde wo pri lojman yo ak ensekirite alimantè avèk sipò administrasyon publik la. Lè yo pa mete apatman yo sou mache a, sa limite òf la epi fè pri yo ogmante. Dwe sispann. Antrepriz yo gen anpil likidite, kidonk poukisa yo ogmante pri yo? Yo fè sa paske yo kapab. Kwasans to majorasyon an kontribiye nan enflasyon an.

COVID-19 te fè ravaj nan chèn pwodiksyon ak rezèv entènasyonal nou yo. Sa ki vin fè nou gen plis demann pandan nou vin gen mwens pwodui. Travay pou anile obstak ekonomik demode yo tankou Lwa Jones, pandan nou ap goumen pou anile tarif destriktè ladwann nan pou nou redwi enflasyon.

Pwoteksyon Demokrasi

Ogmante epi pwoteje aksè elektè yo. Sipèvize aparèy pou make bilten Vòt Konsèy Elektoral la; aparèy yo dwe fleksib pou yo ka fè fonksyon tout pati yo. NYC dwe kontinye rete yon lidè nan transparans gouvènmantal, kidonk li dwe finanse konplètman Depatman Envestigasyon ak ajans sipèvizyon yo. Ankouraje pou pran lapawòl.

Pi bon fason pou nou pwoteje demokrasi nou an se asire nou chak sitwayen Nouyòk jwenn aksè ak bwat bilten vòt yo rapidman epi fasilman. Yo dwe elaji vòt pa korespondans lan ak Vòt Alavans lan, tout enstalasyon vòt yo dwe konfòm ak ADA a, epi pwosesis sètifikasyon nou an dwe senplifye epi rasyonalize.

Barbara Simpson*

Libète Medikal

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

prepare bilton vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo?
Make chwa w yo epi ale ak
yo nan biwo vòt ou a!



Eskane la oswa vizite
haitiancreole.
[nycvotes.org/
plan-your-ballot](http://nycvotes.org/plan-your-ballot)

Konsèy Minisipal Distri 7

Demokrat

- Shaun Abreu 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 45](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Shaun Abreu

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

- Elaji aksè pou lojman abòdab.
- Konbat rat, fatra ak echafodaj.
- Finansman pou lekòl ak sèvis jiridik.

“M ap nan eleksyon ankò pou m reprezante kote mwen te konnen ak mwen te renmen pandan tout lavi m. M grandi nan Upper West Side ak Washington Heights, epi m fè yon karyè nan defann kominote nou yo kòm avoka dwa lokatè. Depi lè m antre nan konsèy minisipal la, m ap batay pou lojman abòdab, pou prevansyon vyolans ak zam, restorasyon espas vèt nou yo, lari pi sekirize pou pyeton yo, finansman sèvis minisipal ki enpòtan. Se t ap yon onè pou m kontinye batay la.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy la

Pwofesyon anvan yo: Avoka pou dwa lokatè

Edikasyon: JD, Tulane University; Lisans (BA), Columbia University

Afilyasyon Òganizasyonèl: Ansyen manm Komisyon Kominotè 9 Manhattan nan

Eksperyans publik pase: Konsèy nasyonal Relasyon travay

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enfasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Shaun Abreu ✅

Demokrat

Kriminalite

Fòk nou goumen kont kriminalite nan yon fason global--avèk tou elajisman lojman abòdab epi sèvis soutyen yo, fimansman pou sante mantal ak kote pou moun sanzabri yo rete, pwogram pou jèn, epi resous pou NYPD ka sible zak kriminèl vyolan.

Enfasyon

Mwen sipòte envestisman pou pwogram ki vize lite kont enfasyon epi bese kou lavi kote Nouyòkè santi fado enfasyon an pi plis, mete sou sa lojman, manje, epi transpò.

Pwoteksyon Demokrasi

Nou dwe rann li pi fasil pou moun vote. Mwen pou kesyon enskripsyon menm jou an, toujou kenbe posibilite pou vòt antisipe (alavans), epi finanse òganizasyon k ap anrejistre moun k ap vote yo. Pou pwoteje demokrasi a, nou dwe pwoteje pwosesis demokratik la.

konpare kandida yo

Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka wè pozisyon kandida yo konsènan pwoblèm ki pi enpòtan pou ou yo, epi konpare opinyon yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare



Konsèy Minisipal Distri 8

Demokrat

- Diana I Ayala 

Republikan

- Exodus M Gary*

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 45](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.

* Kandida a pa t soumèt yon pwofil konplè pou yo te ka mete l nan Gid Elektè sa a.



Diana I Ayala

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Defann ak devlope Lojman abòdab
2. Sante mantal ak Jistis penal
3. Developman mendèv

“Kominote South Bronx ak East Harlem ap lite epi yo bezwen yon lidèchip manch long ki pou mete yo nan premye plan. Antanke reprezantan aktyèl la, mwen te goumen anpil pou m bay distri a resous ki nesesè yo, epi mwen pa ka tann pou m kontinye fè sa pandan 2 lane k ap vini yo”

Pwofesyon pou kounye a: Kandida aplentan

Pwofesyon anvan yo: Chèf pèsònèl adjwen Melissa Mark Viverito, Manm Konsèy Minisipal, direktris sant pou granmoun Carver Houses, asistant sosyal nan Corsi Houses

Edikasyon: A. D. Sèvis Imèn

Afilyasyon òganizasyonèl: Non aplikab

Eksperyans publik pase: NON APLIKAB

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Diana I Ayala ✅

Demokrat

Exodus M Gary*

Republikan

Kriminalite

Kriminalite se sentòm plizyè lane neglijans. Pou nou ka atake kriminalite, nou bezwen elimine rasin ki koz li a. Nou bezwen finanse bon jan devlopman mendèv ak kreye pasaj pou klas mwayèn nan.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Enflasyon

Ogmantasyon to enflasyon an vle di depanse plis pou manje, lojman, gaz ak plis ankò. Fanmi yo gen ensekirite alimantè e yo pa kapab kole de pwent yo. Nou gen responsabilite pou fasilte moun yo jwenn aksè fasilman ak sèvis pwoteksyon sosyal yi ki ede yo jwenn manje ak lojman.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Pwoteksyon Demokrasi

Si nou vle vrèman pwoteje demokrasi nou an, nou bezwen atire epi kenbe konfyans kominate elektè nou yo. Vwa ak pwoblèm Nouyòkè chak jou yo dwe an premye ak nan mitan epi kominate a dwe trase wout la.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Konsèy Minisipal Distri 9

Demokrat

- Yusef Salaam 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 45](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Yusef Salaam

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Bati plis lojman ki abòdab
2. Redui chemen ki mennen nan kriminalite yo
3. Amelyore edikasyon nan lekòliblik yo

“Kanpay sa a pa aktive pandan yon peryòd epi li fini; men pito se yon mouvman. Yon mouvman ki montre ki kote vil sa a sòti epi ki kote li prale. Mwen se yon ptit gason Harlem e mwen espere sèvi kominate mwen an epi reprezante 9yèm distri a nan Konsèy Minisipal New York la.”

Pwofesyon pou kounye a: Otè

Pwofesyon anvan yo: Administratè komunikasyon san fil nan Northwell Health

Edikasyon: Dutchess Community College - Asosye nan Atizay ak Syans nan Syans Sosyal 1991-1993

Afilyasyon Òganizasyonèl: Frederick E. Samuel Community Democratic Club

Eksperyans biblik pase: Aktivis

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enfasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Yusef Salaam ✅

Demokrat

Kriminalite

Harlem merite lari ki an sekirite. Men, nou pa ka kouri dèyè solisyon ki rapid pou nou santi nou an sekirite kont lajistis, nou dwe envesti nan resous Harlem bezwen yo pou nou ka an sekirite. Nou dwe adopte mezi sekirite ki ekitab ki kenbe Harlem an sekirite pandan n ap asire ke dwa vilaj nou an respekte.

Enflasyon

Pri yo wo anpil men enfasyon se yon pwoblèm nasyonal konsèy minisipal la pa ka kontwole. Si mwen eli, m pral travay an kolaborasyon ak fonksyonè federal yo pou ensite yo pran mezi sou to enterè yo ak chèn apwovizyonman an ki ka gen yon efè siyifikatif sou pwoblèm lan.

Pwoteksyon Demokrasi

Nou pwoteje demokrasi a lè nou elaji aksè a li. Nou dwe pèmèt tout moun vote, sa gen ladan l moun ki nan prizon yo oswa ki pa gen papye yo, pèmèt enskripsyon elektè otomatik, epi ogmante itilizasyon bilten vòt pa korespondans yo.

gade videyo kandida yo

Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo ki sou Bilten Vòt ou a, epi apresa gade pwofil yo pou w ka wè videyo kandida yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates



Konsèy Minisipal Distri 10

Demokrat, Working Families

- Carmen N De La Rosa 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 45](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Carmen N De La Rosa

Demokrat, Working Families

3 pi gwo pwoblèm:

1. Pwoteje lokatè yo ak kanpe deplasman yo.
2. Aksè nan bon kalite edikasyon.
3. Dwa travayè yo.

“Carmen De La Rosa te soti Repiblik dominikèn pandan li te timoun epi li te grandi nan Inwood. An 2016, Carmen te eli Manm Asanble 72zyèm Distri a. Li te adopte Nouyòk DREAM ACT ak Fon pou Travayè ki Eskli yo a \$2.1 milya dola.

An 2021, Carmen te vin premye fanm ki te eli pou reprezante Distri 10 nan Meri a. L ap goumen pou l pwoteje kominote nou an kont deplasman, elimine defo nan sistèm jistis kriminèl nou an, elají rezo sekirite sosyal nou an, ranje sistèm edikasyon nou an, epi pwoteje travayè ki an premye liy yo ak ti antrepriz yo.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy Minisipal

Pwofesyon anvan yo: Manm Asanble Eta New York.

Edikasyon: Fordham University

Afilyasyon Òganizasyonèl: Demokrat Nò Manhattan pou Chanjman

Eksperyans piblik pase: Fonksyonè piblik pandan yon bann tan k ap travay pou pwoteje epi rann klas travayè a endependan. Ansyen Manm Asanble Eta New York.

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Carmen N De La Rosa ✅

Demokrat, Working Families

Kriminalite

Tout moun merite viv nan yon kominate ki an sekirite. Pandan n ap konbat rasis sistemik ak anprizònman an mas, nou dwe envesti nan inisyativ sekirite piblik ki santre sou kominate a tankou pwogram entèvansyon kont vyalans, sèvis sosyal, travay, ak pwogram apre lekòl pou jèn yo.

Enflasyon

Pri lavi a eksplode. Apatman an mwayèn nan Manhattan monte a \$5,186 pa mwa. Pandan kantite milyonè yo ap ogmante, fanmi k ap travay ak kominate imigran yo ap lite pou kontinye egziste. Mwen pral kontinye prioyize inegalite revni yo ak sèvis sosyal.

Pwoteksyon Demokrasi

Yon rapò resan klase Etazini an 25yèm nasyon ki pi demokratik, pami 167 peyi yo analize, epi li rete nan kategori "demokrasi enpafè". Mwen pran angajman pou m gouvène ak pèp la atravè yon metodoloji ko-gouvènans epi reziste ak atak dwat la kont demokrasi nou an.

**suiv
nyc
votes**

Ou kapab suiv NYC Votes pou w jwenn tout dènye mizajou sou eleksyon yo!

@nycvotes



resevwa alèt sou eleksyon yo

Enskri pou w resevwa alèt pou eleksyon yo pa mesaj tèks oswa pa imèl! Rete enfòme konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.



Eskane la oswa vizite
[nycvotes.org/
stay-informed](https://nycvotes.org/stay-informed)

prepare bilton vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo?
Make chwa w yo epi ale ak
yo nan biwo vòt ou a!



Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/
plan-your-ballot](http://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)

Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo pou otòn 2023 a


Kisa pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo ye?

Pwopozisyon nan eleksyon sa yo konsène amannman nan Konstitisyon Eta a. Gen de (2) pwopozisyon ki konsène tout Eta a ki sou Bilten Vòt la otòn sa a.

Ou ka vote "Wi" oswa "Non" pou chak pwopozisyon sa yo. Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo ap apwouve si yo resevwa majorite vòt yo.

Poukisa Pwopozisyon sa yo sou Bilten Vòt la?

Lejislati Eta Nouyòk la pwopoze epi adopte mezi bilten vòt nan tout Eta a pou Nouyòkè yo vote.

Proposal 1			Proposal 2		
					
1	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	2	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Yes			No		

Pwopozisyon ki sou Biltén Vòt yo 1

Retrè Distri Eskolè ti Vil yo nan Limitasyon Espesyal Dèt Konstitisyònèl la

Sa w ap wè sou biltén vòt la

Amannman ki pwopoze nan Atik 8, seksyon 4 Konstitisyon an retire limit espesyal dèt konstitisyònèl yo egzije distri eskolè ti vil yo, yon fason pou yo trete yo menm jan ak tout lòt distri eskolè yo. Eske amannman yo pwopoze a ap apwouve?

Rezime Pwopozisyon an:

Amannman konstitisyònèl sa a retire limit dèt espesyal pou distri eskolè ti vil yo. Yo ta etabli limit dèt nan lwa eta a pou tout distri eskolè yo.

Yon distri eskolè ti vil se youn ki gen ladan I omwen yon pati nan yon ti vil. Yon ti vil se yon vil ki gen mwens passe san vennsenk mil moun.

Konstitisyon Eta a limite kantite dèt yon distri eskolè ti vil kapab genyen. Dèt yo pa dwe depase senk poustan nan valè byen imobilye taksab nan distri a. Gen eksepsyon pou kèk depans. Lòt distri eskolè yo pa genyen restriksyon sou dèt konstitisyònèl, men yo gen yon limit dèt diferan lalwa eta a bay. Lwa Eta a di dèt yo a pa dwe depase dis poustan nan valè byen imobilye taksab yo. Si Amannman Konstitisyònèl sa a pase, distri eskolè ti vil yo ta kapab elijib pou yo genyen menm limit dèt ak lòt distri eskolè yo yo te adopte atravè yon aksyon lejislatif.

Si Pwopozisyon sa a pase:

Distri eskolè ti vil yo ta kapab elijib pou yo genyen menm limit dèt, ki te antre an vigè atravè lalwa, ak lòt distri eskolè eta yo.

Pwopozisyon ki sou Biltén Vòt yo 2

Pwolonje eksklizyon limit dèt pou pwojè egou yo

Sa w ap wè sou Biltén Vòt la

Amannman yo pwopoze nan Atik 8, seksyon 5 Konstitisyon an pwolonje otorite konte, vil, ak vilaj yo pou yo retire nan limit dèt konstitisyonèl yo a dèt pou konstriksyon enstalasyon pou egou pou dis lane. Èske amannman yo pwopoze a ap apwouve?

Rezime Pwopozisyon an:

Konstitisyon an limite dèt konte, vil, ak vilaj yo ka genyen. Limit dèt sa a pa enkli dèt pou pwojè konstriksyon tretman dlo egou yo. Eksepsyon pou dèt pou egou a ap ekspire 1ye janvye 2024. Amannman sa a pwolonje eksepsyon ki gen rapò ak dèt egou a pou dis ane ankò jiska 1ye janvye 2034.

Amannman yo pwopoze a fè sa lè l chanje seksyon 5 nan atik 8 Konstitisyon an.

Si Pwopozisyon sa a pase:

Esklizyon depans pou tretman ak eliminasyon dlo egou nan kantite lajan dèt Konstitisyon an pèmèt konte, vil, ak vilaj yo pou yo genyen an ta va kenbe pou 10 lane ankò.

Konsènan NYC Votes

NYC Votes se yon inisyativ Komisyon pou Finans Kanpay Vil New York la, ajans minisipal endependan ki ap veye pou eleksyon lokal yo ekitab, enklizif epi transparan.

Nou ankouraje patisipasyon elektè yo ak kandida yo pou Fonksyonè ki Eli nou yo ka reponn ak bezwen divès kominote nou yo, epi ak pwoblèm ki enterese elektè yo.

Nou fè sa lè nou bay Nouyòkè ki gen mwens tandans pou yo vote yo mwayen, lè nou redui obstat pou moun vin kandida pou yon fonksyon epi lè nou ofri solisyon pou amelyore sistèm eleksyon nou an. NYC Votes kolabore ak òganizasyon kominotè, volontè epi ak lòt ajans minisipal pou enskri, edike epi motive elektè yo toupatou nan vil la. Objektif nou se pèmèt tout Nouyòkè pi byen konprann pwoesis elektoral la gras ak yon dyalòg onèt sou fason eleksyon nou yo fonksyone ak poukisa yo enpòtan.

Kreye depi 1988, ajans la bay moun New York yo enfòmasyon sou kandida ki nan Bilten Vòt yo a epi kijan y ap finanse kanpay yo. Pwogram fon an kontrepaci nou an pèmèt nou asosye chak \$1 yon donatè lokal bay jiska \$8, pou finansman vil la, pou ankouraje kandida vil yo konsantre yo sou kominote yo a olye pou yo konsantre yo sou enterè patikilye yo.

Pwogram Fon an kontrepaci (Matching Funds Program)

Kontribisyon ou bay pou kandida vil la ale pi lwen toujou lè w sipòte kandida ki patisipe nan pwogram fon an kontrepaci vil la. Don rezidan vil yo bay pou kandida k ap patisipe yo ka matche a \$8-pou-\$1. Sa vle di lè ou bay \$10, kandida a resevwa \$90.

Pwogram sa a pèmèt nou asire nou se ti don ti gress dola Nouyòkè yo ki finanse kanpay yo, se pa enterè patikilye. Sa vle di tou kandida ki pa rich men ki gen gwo sipò kominote a kapab gen mwayen pou yo poze kandidati yo, sa ki kreye yon gouvnèman ki pi divèsifye ak pi reprezentatif. Nan eleksyon 2021 Vil New York la, plis pase 83% nan kandida lokal yo te deklare fon an kontrepaci yo te esansyèl pou yo te ka poze kandidati yo.



Kontribiye nan
contribute.nycvotes.org

Kesyon yo Poze Souvan yo

Jeneral

Kisa ki yon Eleksyon Jeneral ye?

Nan eleksyon jeneral la, kandida ki soti nan differan pati ap afwonte youn lòt pou yo ka genyen yon fonksyon yo atribye atravè eleksyon. Ou ka vote pou nenpòt kandida ki nan nenpòt pati pou chak fonksyon ki sou Bilten Vòt la. Ou ka vote "wi" oswa "non" tou pou pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo. Tout elektè ki te enskri nan dat limit la elijib pou yo vote nan yon eleksyon jeneral.

Kòman mwen ka verifye si mwen te enskri pou vote?

Vizite voterlookup.elections.ny.gov oswa rele nan Konsèy Elektoral (Board of Elections) Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tandem.

E si mwen te deplase anndan Vil Nouyòk la depi dènye fwa mwen te vote a?

Lè w demenaje, ou ta dwe chanje adrès ou nan Konsèy Elektoral (Board of Elections) la lè w soumèt yon nouvo fòm enskripsyon elektè. Konsèy Elektoral la dwe resevwa chanjman adrès ou anvan **23 oktòb**. Rele nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tandem yo pou chèche konnen si yo te trete chanjman adrès ou an.

Si adrès ou poko aktyalize, ou kapab vote nan Biwo vòt kote yo make pou nouvo adrès ou lè ou mande yon Bilten vòt sou sèman nan Biwo vòt ou an.

Vòt pa Korespondans

Ki rezon valab ki genyen pou mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan?

Ou ka mande yon bilten vòt pou moun ki absan si w lwen Vil Nouyòk Jou Eleksyon an, si w gen yon maladi oswa yon andikap fizik, si w se yon founisè swen primè pou moun ki malad oswa ki andikape fizikman, yon rezidan oswa yon pasyan nan yon Lopital Administrasyon Sante Veteran yo, oswa si ou nan prizon (pou nenpòt rezon ki pa yon kondanasyon pou krim) oswa si w ap tann pwose. Ou ka make rezon ou an sou fòmilè demann Bilten Vòt moun ki absan ou an.

Èske mwen toujou kalifye pou vote an pèsòn si mwen mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan?

Si w mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan, ou dwe planifye pou w vote avèk li. Ou ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan ou an nan nenpòt ki biwo vòt pandan biwo vòt yo ouvè. Sepandan, si ou chwazi vote an pèsòn apre ou fin mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan, ou dwe vote ak yon Bilten Vòt sou sèman nan Biwo vòt ou an. Bilten Vòt sa a ap parèt differan. Mande yon moun k ap travay nan biwo Vòt la èd si ou bezwen sa.

Èske mwen dwe mete tenb si m ap poste Bilten Vòt mwen an?

Ou pa bezwen ajoute yon tenb. Sepandan, pa blyie voye tounen nan kourye lapòs Bilten Vòt ou an kou sa posib. Li dwe vini ak tout so lapòs sou li nan Jou Eleksyon an epi konsèy konte a dwe resevwa l anvan 14 novanm pou li ka valid.

Èske mwen ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan mwen an nan Biwo vòt mwen an?

Wi! Ou ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan ou an nan nenpòt Biwo vòt nan vil Nouyòk oswa nan biwo Konsèy Elektoral la. Bwat pou Bilten Vòt yo ap disponib nan gichè resepsyon an. Ou pa bezwen ajoute yon tenb.

Èske mwen ka swiv Bilten Vòt mwen an aprè mwen fin retounen li?

Wi! Vizite nycabsentee.com/tracking.

E si gen yon pwoblèm ak Bilten Vòt Moun ki Absan mwen an? Èske mwen ap gen posibilité pou m korije li?

Konsèy Elektoral la dwe enfòme w daprè lalwa si gen yon erè ki reparab sou anvlop Bilten Vòt ou a tankou yon siyati ki pa la oswa ki pa kòrèk. Si gen yon erè nan Bilten Vòt ou an ki ka repare, y ap kontakte ou pa lapòs, imèl, telefòn (si li disponib) nan yon delè 1 jou apre yo fin dekouvri erè a. W ap gen jiska 7 jou ouvrab pou w korije erè a lè w voye tounen yon afimasyon ou siyen.

ou gen kesyon toujou?

Vizite haitiancreole.nycvotes.org/faqs!

Ou ka voye yon imel ba nou tou nan
nycvotes@nyccfb.info, oswa voye yon
mesaj ba nou sou Instagram, Twitter,
Facebook, oswa Reddit (@nycvotes).

Mete enfòmasyon ou yo ajou ansanm ak Konsèy Elektoral la

Nou jwenn non ou ak adrès ou nan lis elektè ki enskri yo Konsèy Elektoral Vil New York la konsève nan biwo li.

Si ou te resevwa Gid Elektè sa a nan kourye lapòs men se pa non ou ki sou li, oubyen si destinatè a deplase oswa si li mouri, notifye Konsèy Elektoral la pou yo ka korije dosye yo.



Konsènan Gid Elektè a

Daprè lalwa, Komisyon pou Finans Kanpay Vil New York la dwe voye yon Gid Elektè bay chak fwaye ki genyen yon elektè ki enskri nan vil Nouyòk pou eleksyon minisipal yo. Nou voye yon gid an Anglè ak an espanyòl pou chak Elektè ki enskri, epi an Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Indi, Koreyen, Polonè, Punjabi, Ris ak Oudou bay Elektè ki nan zòn sible yo dapre done resansman yo.

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan Bilten Vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w jwenn yon lis ki ajou, vizite Gid anliy lan sou nycvotes.org/ht.

Gid Elektè pou Eleksyon Jeneral Vil Nouyòk 2023 a. Dwa dotè © 2023 se yon inisyativ Komisyon pou Finans Kanpay Vil New York la. Tout dwa rezève. Se Bellweather Agency ki fè konsepsyon an. Pwodui Ozetazini

Kontakte Konsèy Elektoral la

Konsèy Elektoral la òganize eleksyon nou yo epi se li ki responsab pou kenbe baz done elektè ki enskri yo, siveye silten vòt yo, konte bilten vòt yo epi rapòte rezulta eleksyon yo. Ou ka mete enskripsiyon w lan antanke elektè ajou, aplike pou yon bilten vòt moun ki absan, aplike pou w yon travayè nan sondaj biwo vòt oswa kòm entèprèt lang, ak lòt ankò nan Konsèy Elektoral Vil New York la.

Orè fonksyònman nòmal yo

9: 00 a.m. pou 5: 00 p.m, Lendi pou rive Vandredi, epi pandan wiken anvan ak nan Jou Eleksyon an. Tcheke vote.nyc pou jwenn orè fonksyònman yo.

866-VOTE-NYC (TTY **212-487-5496** pou moun ki pa tande byen)

Vizite vote.nyc pou jwenn plis enfòmasyon.

	Adrès	Nimewo telefòn
Biwo Jeneral	32-42 Broadway, 7th Floor New York, NY 10004	212-487-5400
Bronx	1780 Grand Concourse, 5th Floor Bronx, NY 10457	718-299-9017
Brooklyn	345 Adams Street, 4th Floor Brooklyn, NY 11201	718-797-8800
Manhattan	200 Varick Street, 10th Floor New York, NY 10014	212-886-2100
Queens	118-35 Queens Boulevard, 11th Floor Forest Hills, NY 11375	718-730-6730
Staten Island	1 Edgewater Plaza, 4th Floor Staten Island, NY 10305	718-876-0079